



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS LAN POU ASISTE NAN ANKÈT SOU GRAFITI ANTI-SEMIT YO JWENN SOU BILDING NAN VIL NEW YORK

"Mwen santi mwen konstène akòz [rapò](#) yo sou grafiti anti-Semit ke yo te jwenn yo desine sou yon bilding nan Anwo Bò Lès (Upper East Side) - se dènye a nan yon seri zak rayisab ki te fèt nan katye a pandan de semèn pase yo - epi mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans Lapolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a pou bay asistans nan ede mennen lach sa yo devan lajistis.

Fleyo anti-Semitis ap ravaje kominote nou yo pandan twò lontan, epi pandan zak lach sa yo ap chèche seme laperèz ak divizyon, nou pral reponn avèk fòs kolektiv nan deklare kategorikman avèk yon sèl vwa ke pa gen okenn tolerans pou rayisans nan Eta nou an.

New York pral kontinye derasine rayisans nan tout fòm li, epi nou pral sipòte nan materyalize deviz lan ki te pèmèt nou travèse jou ki pi nwa nou yo: New York solid, ki vle di pou nou entèlijan, dsipline ini ak emab".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)